

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan Campur Kode dina Paguneman Siswa RSBI Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung, bisa dicindekkeun yén:

- (1) kasang tukang basa siswa RSBI nya éta basa Indonesia, tapi éta hal henteu pati mangaruhan kana lumangsungna paguneman siswa dina basa Sunda, sabab CK anu muncul dina CKPSR kawilang handap (8.32%);
- (2) campur kode anu muncul dina paguneman siswa kaasup kana campur kode ka jero (*inner code-mixing*), anu sipatna leuwih kana interférensensi atawa *penyimpangan* basa (62.22%). Sedengkeun, campur kode anu muncul dominan nya éta campur kode dina wangun kecap (83.55%) utamana unsur nomina;
- (3) pangaruh basa séjén kana basa Sunda henteu pati mangaruhan, ku sabab tina 2704 kecap dina paguneman aya 225 campur kode anu di jeronana aya 30 istilah anu asup kana basa Sunda;
- (4) faktor anu ngalantarankeun lumangsungna CK dina CKPSR téh ku sabab henteu nyahona para siswa kana sasaruuan sawatara kecap atawa istilah anu baris digunakeun dina paguneman basa Sunda (89.18%); jeung
- (5) henteu sakabéh campur kode anu muncul miboga sasaruuan dina basa Sunda, utamana kekecapan atawa istilah anu kasang tukangna patali jeung kaagamaan atawa istilah tina salasahiji widang saperti widang seni jeung kaséhatan.

5.2 Rékomendasi

Nilik kana hasil panalungtikan Campur Kode dina Paguneman Siswa RSBI Kelas X SMA Pasundan 1 Bandung, panalungtik miboga sawatara rékomendasi anu dipiharep bisa jadi motivasi sangkan leuwih hadé. Anapon sawatara hal anu baris diungkapkeun nya éta ka sababaraha pihak di handap ieu:

- 1) SMA Pasundan 1 Bandung dipiharep nyieun hiji kawijakan dina makéna basa, utamana minangka ngalatih para siswa dina maké basa anu diajarkeun. Misalna unggal poé Juma'ah jadi poé basa Sunda, jadi sakabéh warga sakola SMA Pasundan 1 Bandung ngagunakeun basa Sunda dina komunikasina. Sanajan aya anu henteu ngarti bisa ditepikeun sasaruaanana dina basa anu dipikahartina. Terus di poé anu séjén bisa ngagunakeun basa anu diajarkeun di lingkunganana saperti basa Indonesia, basa Inggris, jeung basa Jerman. Jadi sakabéh warga SMA Pasundan 1 Bandung bisa ngalatih kamampuh basana sahenteuna dina opat basa.
- 2) Pikeun pihak anu ngamangpaatkeun ieu panalungtikan dipiharep bisa ngamangpaatkeun sakumaha mistina. Hususna para sosiolinguis, bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan jadi bahan babandingan dina widang kabasaan jeung kamasarakatan anu tangtuna terus mekar.
- 3) Panalungtik anu kapincut kana kabasaan jeung sosiolinguistik, dipiharep bisa maluruh hal naon waé anu jadi bangbaluh masarakat dina makéna basa, tangtuna jeung cara ngungkulanana. Salian ti éta, bisa maluruh kamampuh basa kelompok masarakat dwibasawan naha bener mampuh kana opat kaparigelan basa atawa henteu.